



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI POU SANT KOMEDI NASYONAL LA NAN JAMESTOWN

*Yo Prewwa Ke Sant lan Pral Atire Plis Pase 114,000 Vizitè Chak Ane epi Jenere Plis Pase 23 Milyon Dola Chak Ane nan Aktivite Ekonomik Lokal yo*

*Ou Ka Wè Foto Nouvo Sant Komedi Nasyonal la [La a](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke nouvo Sant Komedi Nasyonal la (National Comedy Center), ki se premye enstitisyon kiltirèl san bi likratif ak eksperyans vizitè ki dedike a komedi, li ofisyèlman ouvri nan Jamestown, Konte Chautauqua. Mize modèn ki koute 50 milyon dola a li dedike a rakonte istwa vital komedi nan Amerik, epi li selebre gwo sèvo komedi yo ak vwa inik yo, soti depi nan Charlie Chaplin pou rive nan Dave Chappelle. Sant Komedi Nasyonal la ap prezante yon selebrasyon pèfòmans ak dyalòg komedi pandan tout semèn nan pou komemore gran ouvèti a, ki ap konwenside ak Festival Komedi Lucille Ball anyèl lan, ki ap gen ladan plis pase 50 aktivite ki gen ladan yo aparisyon gwo komedyen tankou Amy Schumer, Lewis Black, Lily Tomlin, Fran Drescher, W. Kamau Bell ak manm difizyon “Saturday Night Live” orijinal yo ki se Dan Aykroyd ak Laraine Newman.

“Nouvo Sant Komedi Nasyonal la pral sèvi kòm yon atraksyon touristik epi se yon eleman ki ap chanje jwèt lan onivo ekonomik pou Konte Chautauqua ak Rejyon Lwès New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sant Komedi Nasyonal la ap mete aksan sou kèk nan pèfòmè komedi ki pi memorab yo ke yo te konnen nan mond lan epi li pral sèvi kòm yon destinasyon pou vizitè yo ki soti toupatou nan peyi a. New York fyè pou li investi nan komedi ak èv atistik yo, pandan ke n’ap travay pou favorize kwasans ekonomik epi kreye santral kiltirèl atravè eta a.”

Konstwiksyon pwojè a, ki te kòmanse lè Gouvènè a te inogire tèren nan mwa Dawout 2015, li gen ladan yon nouvo batiman ki mezire 6,000 pye kare, ki, konbine ansanm ak renovasyon ak reyitilizasyon adaptatif de (2) batiman istorik, ki gen ladan yo Estasyon Tren Jamestown Gateway istorik lan, totalize 37,000 pye kare espas ekspozisyon.

Koleksyon esklizif yo ak plis pase 50 ekspozisyon klas mondyal ki imèsif yo konsantre sou tout bagay soti depi nan komedi ta nan aswè yo pou rive nan espektak blag yo, ak plezantri kòm yon mwayen pwisan pou aktivis sosyal. Y’ap mennen vizitè yo nan yon vwayaj entèraktif atravè istwa komedi, soti depi nan espektak blag tan anvan yo pou

rive nan dènye imaj blag viral yo. Yo itilize teknoloji pèsonalizasyon modèn yo pou kreye yon pwofil plezantri ki entegre nan braslè Idantite ki gen frekans radyo yo pou chak vizitè. Sa ap pèmèt fè pèsonalizasyon eksperyans ekspozisyon yo, epi li ankouraje refleksyon sou, ak edikasyon nan, pwòp sans plezantri chak moun. Li se youn nan atraksyon ki pi avanse sou plan teknolojik yo nan modèl li an, epi li loje tou yon bar pou lajan kach ak yon Sal Ble — kote yo ka jwenn komedi ki plis kalifye pou granmoun yo oswa ki inadekwat yo. Genyen tou achiv pèsònèl ki an etalaj pou moun ki gen pami yo Lenny Bruce, Rodney Dangerfield, the Marx Brothers, Charlie Chaplin, Jerry Lewis, Joan Rivers, Phyllis Diller, Jerry Seinfeld, George Carlin ak plis ankò. Vizitè yo pral kite mize a ak yon apresyasyon pwofon pou ikòn ak inovatè nan komedi yo, menm jan ak enfluyans ke gwo plezantri gen sou jan ke nou panse, viv epi ri.

**Tom Benson, ki se Prezidan Pwojè a, te deklare,** “Ywit ane de sa, yon ti gwoup moun ki t’ap travay di epi ki dedike yon fason enkwayab te gen rèv pou fè kay pou komedi Jamestown America atravè kreyasyon Sant Komedi Nasyonal la. Gras a pèsèverans ak san, swè ak dlo nan je gwoup etonan sa a ak sipò ke nou te resevwa nan men finansè kapital nou yo, ki gen pami yo Gouvènè Cuomo ak Eta New York, rèv sa te vin tounen yon reyalyte ki pral chanje vizaj Jamestown epi bay avantaj ekonomik ki ap dire lontan pou tout Rejyon Lwès New York. Nou te fè tranzisyon soti nan moun ki ap ri sou nou pou ale nan moun ki ap ri ak nou epi sa fè nou santi nou byen”.

Sant Komedi Nasyonal la sipòte pa plis pase 14 milyon dola nan resous yo ki soti nan eta a, ki gen ladan 4.4 milyon dola ke yo te bay atravè yon pwosesis kominotè konpetitif ki santre sou kominote a ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York lan (Western New York Regional Economic Development Council); yon 5 milyon dola adisyonèl atravè inisyativ Buffalo Billion II a; 5 milyon dola atravè Nouvo Pwogram Kredi Enpo Mache yo (New Markets Tax Credit Program); ak lòt sous eta yo. Yo te prevwa ke li pral atire plis pase 114,000 vizitè chak ane epi bay yon bourad 23 milyon dola pou ekonomi lokal la chak ane, pandan l’ap ranfòse plis devlopman ekonomik epi ede amelyore anviwònman ekonomik nan rejyon an. Yo antisipe ke Sant Komedi Nasyonal la pral sipòte plis pase 200 pòs travay epi jenere 6.5 milyon dola nan salè yo chak ane atravè Konte Chautauqua, Cattaraugus ak Erie.

“Ak investisman konsiderab ak sipò ki soti nan Eta New York, Sant Komedi Nasyonal la pwograme pou li vin transfòmasyonèl pou Rejyon Lwès New York ak Southern Tier”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Sant lan pral yon atirans majè pou touris epi li te gen yon efè domino atravè rejyon an. Touris yo pral kapab kounye a vizite bote natirèl Niagara Falls, fè yon eskal nan Buffalo pou pwofite de amizman nan Canalside, epi fè yon vwayaj nan Jamestown pou vizite Sant Komedi Nasyonal klas mondyal la ak tout sa ke Jamestown gen pou ofri. Nou ap kreye yon sinèji ki pral bay kreyasyon travay bourad epi investi nan avni ekonomi nou.”

**Howard Zemsky, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Empire State Development, te deklare,** “Jamestown te jwenn yon mwayen pou prezève istwa, reyitilize batiman ki aje yo epi revitalize vil lan ak pwojè Sant Komedi a. Genyen yon gwo sans fyète lokal pandan ke rejyon an ap ofri yon atraksyon espesyal pou touris yo jwenn epi pwofite, epi mwen ta renmen ankouraje tout moun pou yo planifye yon vwayaj pou al eksperimente li ak pwòp tèt yo”.

**Komisè Park Eta yo, Rose Harvey te di,** “Ak Pak Eta Allegany ak bijou kache yo tankou Pak Eta Midway ak Pak Eta Long Point ki tou pre yo, ouvèti Sant Komedi Nasyonal la pral yon avantaj touristik adisyonèl pou zòn Rejyon Lwès New York. Transfòmasyon mèveye sa se reyèlman yon atraksyon espesyal ki pral sètènman vin yon kote ki pral atire yon odyans entènasyonal epi pral vin yon bagay ki bay anpil fyète pou tout moun”.

Depi lè li te antre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo fè investisman san presedan nan endistri touris atravè tout Eta New York la, sa k ap atire yon kantite vizitè ak depans dirèk istorik. An 2017, New York te akeyi yon kantite rekò 243.8 milyon vizitè ki te depanse 67.6 milya dola, ki jenere yon enpak ekonomik total ki plis pase 100 milya dola pou katriyèm ane youn apre lòt. An plis, endistri touris la se twazyèm pi gwo anplwayè nan eta a, ki ap sipòte 938,800 pòs travay chak ane.

**Senatè Catharine Young te deklare,** “Destinasyon ki pi nèt epi pi eksitan nan Amerik se Sant Komedi Nasyonal la, yon etalaj espesyal, espektakilè pou komedi atistik lan ki pral mete Konte Chautauqua sou kat la epi bay yon eksperyans inoubliyab pou vizitè ki gen tout laj yo. Enspire pa pwòp ewoyin komedi Jamestown nan, Lucille Ball, epi devlope pa antrepriz elaborasyon kiltirèl ak entèaktif ki selèb sou plan entènasyonal yo, inisyativ klas mondyal sa pare pou transfòme ekonomi vil istorik nou an ak yon enpak 23 milyon dola ke yo prevwa pandan ke l’ap mete Jamestown nan lis ‘pi gwo destinasyon yo’ evalyatè vwayaj tout kote yo. Wout pou rive nan moman sa te fòje pa anpil lidè ki dedike nan travay an patenarya pou rive atenn yon objektif remakab. Mwen voye remèsiman mwen yo bay Gouvènè Cuomo poutèt angajman li pran nan pwojè sa ak avni Jamestown, pou dirijan vizyonè epi san fatig Sant Komedi Nasyonal la, ak pou otorite eta ak lokal yo poutèt yo sipòte, fasilite epi asiste nan chak etap. Efò etonan sa se yon triyonf konfyans ak kolaborasyon epi li te lanse kòmansman yon nouvel epòk pou kominote nou an”.

**Manm Asanble Andy Goodell te deklare,** “Jamestown serye konsènan komedi. Pwojè sa se pa’t yon jwèt. Li enplike materyèl elektwonik modèn, souvni ki inik epi enteresan, ak atraksyon enkwayab yo. Li se reyèlman yon destinasyon nasyonal pou sila yo ki renmen komedi epi vle eksperimante pi bon prezantasyon posib de zak komedi ki selèb sou plan nasyonal”.

**Egzekitif Konte Chautauqua a, George Borrello, te deklare,** “Mwen antouzyas anpil pou mwen wè atraksyon modèn inik sa vin tounen yon reyalite isit la nan Konte Chautauqua ak nan vil natal Lucille Ball nan Jamestown. Nou fyè pou nou se kay eksperyans amizan epi entèaktif sa ki se yon onè etonan pou komedi atistik. Mwen vle remèsye Gouvènè a ansanm ak Empire State Development poutèt angajman yo te pran pou pwojè transfòmatif reyèl sa”.

**Majistra Vil Jamestown Samuel Teresi te deklare,** “Sipò nan nivo Lejislatif Eta a ak atravè administrasyon an (sa vle di, ESD, OPRHP, DOT, DOS, elatriye.) te ekstrapòdinè epi nan divès fason, san presedan. Kredi majè pou reyisit finansman an pou pwojè sa se pandan, dwe ale dirèkteman al jwenn Gouvènè Andrew Cuomo, ki nan tèt mwen, te gen yon enterè pèsonèl nan pwojè sa epi te pote li soti depi nan liy 41 mèt lan pou rive nan zòn final lan. Sou kat dekad ki sot pase yo, mwen te temwen de

asistans finansye eta konsiderab ke yo te alwe nan divès pwojè lokal majè yo, men jamè nan tout anplè sa a, epi ak enterè ak defans pèsònèl Gouvènè a pèsònèlman”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)